



Enfòmasyon pou fanmi k ap fè alètman yo

# Siy yon Bon Alètman

**Yon bon priz se kle a pou bon alètman.**

**Kèlkeswa pozisyon ou kenbe bebe w, priz la rete menm jan.**

## Siy yon Bon Priz

- Bebe a pran priz fon avèk yon ang kote po bouch li kole ak sen an ak omwens 140°
- Ni pou bouch anlè ni anba yo bride (dewoule)
- Bouch bebe a dwe plen ak pwent tete ak pi plis nan wonn tete a li ka pran. Plis k ap sòti bout anba nan wonn tete a pase bout anlè a (priz asimètrik)
- Ou konfòtab pandan alètman an. Kapab gen kèk doule "priz" ki pase byen vit
- Gen mouvman nan bò tanp bebe a epi l ap souse epi machwè li monte desann youn pous oubyen plis
- Gen ti mouvman nan sen w toupre po bouch bebe a



## Siy yon Bon Alètman

- Wa tande bebe a ap vale apre omwens chak twazyèm kou yon fwa lèt la sòti. Wa wè lèt nan bouch bebe a
- Li souse konsistanman ak sèlman ti pòz brèf
- Sen yo pi mou apre alètman
- Dechaj apwopriye pou laj. (1 kouchèt mouye nan 1e jou a, 2 kouchèt mouye apre 2yèm jou a, 3 kouchèt mouye apre 3yèm jou a, 6 kouchèt mouye apre 4yèm jou a elatriye, epi li twalèt plizye fwa chak jou)
- Santi l ap "rale", souse, djanm ak pwofon, san okèn gwo doule
- Lòt sen an koule lèt oubyen w santi yon reflèks "lage" oubyen remake yon chanjman nan ritm souse bebe a sòti pi vit rive pi lan
- Souse vanyan sou sen an
- Bebe w fè alètman 8 fwa pa jou oubyen plis (24 èdtan)
- Bebe w pran priz fasilman ak tantatif minimòm epi li rete kole
- Pèt pwa minimòm pandan premye kèk jou yo (<10% pwa nan moman akouchman) epi tounen genyen pwa lè akouchman distans pou 2 semèn

Enfòmasyon ki founi yo fèt sèlman pou objektif edikasyon ak enfòmasyon jeneral. Li pa ni fèt ni enplike li ranplase konsèy medikal pwofesyonèl. Toujou chache konsèy founisè swen medikal ou pou tout kesyon ou kapab genyen konsènan kondisyon medikal pa w oubyen sa de ti bebe w. Pa janm neglije konsèy medikal pwofesyonèl ni retade chache li akòz yon bagay ou te aprann nan enfòmasyon sa yo. Mete w alèz pou fè kopi selon lisans komen kreyatif CC BY-ND. Resous Edikasyon Alètman 2021